


A. Wulangan 1

❖ Materi



❖ Latihan Soal

1. Kewan kang kalebu jenis kewan galak yaiku
 A. iwak lele
 B. srigala
 C. trewelu
 D. mentok



2. Iki kalebu jenis kewan
 3. Pasangno pranyatan sisih kiwa lan tengen nganggo garis

Tembung	
Ngresula	a
Asih	b
Nggemesake	c

Tegese	
1	Seneng banget
2	sambat
3	ngrumat
4	lucu

4. Geseren jawaban ing sisih tengen sing bener neng sisih kiwa

Ingon-ingon	Ora mungkin
mokal	kasenengan
ngrewangi	biyantu

5. Kang kalebu perangane crita yaiku
☐ Paraga
☐ Tema
☐ irah-irahan
☐ latar panggonan
 6. Pilihen "Bener" utawa "Keliru"

Pranyatan	Bener	Keliru
pesen utawa tuladha becik sing bisa dijupuk saka isine crita diarani amanat		
Kang kalebu latar wektu kayata ing pasar, pinggir segara, lan sekolahan		

7. Kang kalebu latar panggonan yaiku
☐ Neng sekolahan
☐ Tahun 1945
☐ isih esuk
☐ pantai Popoh
 8. Pasangno pranyatan sisih kiwa lan tengen nganggo garis

Perangan Cita	
Tema	a
Paraga	b
Latar wektu	c

Tegese	
1	wong sing maragakake crita
2	Kapan kedadean crita
3	Panggonan kedadean crita
4	punjere utawa underane crita

BUDI DHEMEN TETULUNG

Dening: Om Pawit

Budi, minangka ketua kelas iku pancen sregep lan dhemen tetulung. Apa sing dadi tanggung jawabe sing magepokan karo tugase ketua kelas mesthi ditandangi kanthi beres. Lan, dheweke dhemen tetulung marang sapa wae tanpa pilih kasih.

Kanggo nyiapake ujian akhir, Bu Ani, guru wali kelase maringi gladhen soal-soal marang bocah-bocah. Diajab mangkone bocah-bocah ing taun iki bisa lulus kabeh kanthi biji sing maremake. Nanging, nalika Bu Ani arep mbagi gladhen soal, pranyata soale keru ing ndalem.

"Wadhuh cah, kertas soale kok keru nang ngomah, jare!" ature Bu Ani karo nggoleki kertas soal ing tase.

"Kula pendhetaken napa, Bu?" ujare Budi. Senajan ora didhawuhi, Budi gelem aweh pitulungan marang Bu Ani. Miturut Budi, iku mau uga salah sijine tugas ketua kelas.

9. Irah-irahan wacan ing dhuwur yaiku

A. Budi Dhemen Tetulung

C. Budi mbiyantu Bu Ani

B. Bu Ani guru sing sregep

D. Dening Om Pawit

10. Budi iku murid kelas piro?

11. Geseren jawaban ing sisih tengen sing bener neng sisih kiwa

Tembung [a] jejeg	Tembung [a] miring

apa

pangan

salah

tandang

raja

lara

B. WULANGAN 2

❖ Materi



❖ Latihan Soal

Wacanen sing tliti!

Kanggo mangsulani pitakon nomer 1-3

Plesir Menyang Pantai Popoh

Dina Minggu, tanggal 7 Agustus 2016 kepungkur Rini, Bima, Pak Wibawa, lan Bu Dewi tindak plesir menyang Pantai Popoh. Pantai popoh iku manggon ana ing tlatah Kabupaten Tulungagung. Salah sijine kabupaten ing Jawa Timur.

Budhal saka daleme simbah jam 06.00. watara jam 07.00 Pak Wibawa sakulawarga wis tekan pinggire segara. Bu Dewi banjur menyang loket. Karcis mlebu murah banget. Mung Rp 3000,00 saben wong. Sakwise nyekel karcis, kabeh banjur mudhun saka mobil, tumuju menyang pendhapa sing manggon persis sapinggire segara. Pendhapan gedhe tur resik. Hawane rada adhem, amarga angin segara kang sumribit.

Rini banjur ngejak Bima mlaku ngetan, menyang panggonan pelelangan iwak. Wah... ana prau sing lagi mbongkar iwak olehe njaring saka segara. Iwake akeh banget lan warna-warna. Ana sing gedhe lan ana uga sing cilik. Seneng rasane ndeleng para nelayan ngusung asil kerjane. Bocah loro nyata kesengsem ndeleng kahanan iku. Nyata Indonesia iki pancen sugih.

Ora krasa wis jam telu sore. Pak Wibawa banjur nimbali Rini lan Bima supaya padha tata-tata. Jam setengah papat banjur budhal mulih.

- Sing plesir menyang Pantai Popoh yaiku

☐ Bima
☐ Rina

☐ Pak Bowo
☐ Bu Dewi
- "Plesir" tegese

A. budhal
 B. rekreasi

C. lunga
 D. adus
- Panggon kita ndelok prau bongkar iwak olehe njaring dan tuku iwak diarani panggonan ... iwak.
- Pasangno pranyatan sisih kiwa lan tengen nganggo garis

Tembung	
Kepungkur	a
Pendhapa	b
Sumribit	c
Kesengsem	d
Tekan	e

Tegese	
1	sumilir
2	dipijet
3	terpesona
4	Teka ing
5	Papan kanggo pertemuan
6	wingi

- Wujud informasi tulis sing menehi pawarta penting ngenani sawijining kadadeyan utawa kegiatan diarani

A. buku crita
 B. karangan

C. laporan sederhana
 D. wacan

- Geseren bab-bab sing perlu digatekake nalika laporan sederhana sing cocok!

olehe ngumpulke laporan kudu manut karo wektu kang wus disepakati
panyusune laporan kudu rapi lan narik kawigatene wong liya
bab sing dilaporake kudu bener-bener dilakoni
Isine laporan kudu lengkap kaya kadadeyan/kegiatan

Objektif

Jangkep

Tepat waktu

Narik kawigaten

- Pengalaman bisa dibedakake dadi loro yaiku pengalaman sing

☐ Nyenengake lan nrenyuhake
☐ Wes kelakon lan durung kelapon

☐ anyar lan lawas
☐ apik lan elek
- Pengalaman sing isine kadadeyan- kadadeyan sing gawe susahe ati (nyedhihake) diarani pengalaman sing
- Geseren jawaban ing sisih tengen sing bener neng sisih kiwa

Pengalaman sing nyenengake	Pengalaman sing nrenyuhake

Juara lomba

Jajane rutuh

Tiba saka sepeda

Oleh sangu akeh

Bukune ilang

Plesir neng segara

C. WULANGAN 3

❖ Materi



❖ Latihan Soal

- Mangsa udan diarani uga mangsa
A. rendeng
B. banjir
C. ketiga
D. pelem
- Kang kalebu tanda-tanda ape udan yaiku
☐ mendung peteng
☐ hawane adem
☐ angine uwah-uwah
☐ ana gludukan
- Hawane panas, srengenge sumunar panas, ora ana udan, lan akeh kali garing minangka tada-tandane mangsa
- Pasangno pranyatan sisih kiwa lan tengen nganggo garis

Tembung	
Rampung	a
Riwi-riwi	b
Rendheng	c
Pirsa	d
Ujungan	e

Tegese	
1	Ngerti
2	Mangsa udan
3	Wes mari
4	Godhong gedhang
5	Grimis
6	Tibake

- Geseren jawaban ing sisih tengen sing bener neng sisih kiwa

Jinise tetuwuhan ing mangsa rendheng	Jinise tetuwuhan ing mangsa ketiga

Jagung

Pari

Tebu

Sawi

Lombok

Kangkung

- Tengah-tengahing mangsa ketiga, yen wayah esuk adhem banget diarani
A. bediding
B. labuh
C. ketiga
D. mareng
- Basa krama inggil digunakake tumrap
☐ wong tuwa marang anake
☐ murid marang gurune
☐ anak marang wong tuwane
☐ bawahan marang atasane
- Pasangno pranyatan sisih kiwa lan tengen nganggo garis

Basa Ngoko	
Lemah	a
Panas	b
Udan	c
Banyu	d
Mlaku	e
Gedhe	f
Gelem	g

Basa Krama Inggil	
1	Toya
2	Sare
3	Purun
4	Siti
5	Ageng
6	Mlampah
7	Jawah
8	Benter

D. WULANGAN 4

❖ Materi



❖ Latihan Soal

1. Syair utawa puisi Jawa gagrag anyar diarani
A. tembang
B. geguritan
C. tembung
D. macapat
2. Geguritan ing Bahasa Indonesia diarani
3. Kang kalebu bagean geguritann yaiku
☐ Irah-irahan
☐ Gatra/larik
☐ pilihan tembung/diksi
☐ pada/bait
4. Pasangno pranyatan sisih kiwa lan tengen nganggo garis

Bagean Geguritan	
Irah-irahan	a
Penganggit	b
Larik	c
Pada	d

Tegese	
1	Karangane
2	Baris ing geguritan
3	Akehe larik
4	Judul geguritan
5	Sing ngarang, pencipta geguritan

Semaken geguritan iki!

Sekolahanku

Dening : Aming Aminoedhin

Sekolahanku...

Panggonan anggonku golek ilmu

Sekolahanku...

Diwulang dening Bapak-Ibu Guru

Sekolahanku...

Sinau, maca buku

Ing Panggonan iki

Aku diajari supaya karo wong tuwaku kudu bekti

Ing panggonan iki

Aku diajari marang kanca aja sreji

Diparingi PR kanggo gladhen

Kanggo sangu urip ing tengahing bebrayan

Aku percaya...

Sanajan abot kudu dilakoni

Kabeh mau kanggo kepentingan pribadi

Kareben ngesuk dadi wong kang aji

Miguna tumrap bangsa lan nagari

5. Pilih "Bener" utawa "Keliru"

Pranyatan Bab Geguritan "Sekolahanku"	Bener	Keliru
Irah-irahan geguritan iku yaiku "Sekolahku"		
Geguritan "Sekolahanku" dianggit karo Aming Aminoedhin		
Pada ing geguritan "Sekolahanku" ana 5 pada		

6. Pranyatan kang bener saka geguritan "Sekolahanku" yaiku

- ☐ Akehe larik yaiku 17 larik ☐ pada kapisan ana 5 larik
☐ Akehe pada yaiku 4 pada ☐ pada kapapat ana 4 larik

7. Ciri-ciri geguritan yaiku

- ☐ Cacahe pada (bait) 8 pada ☐ Ora kaiket dening pathokan kang gumathok
☐ Isine ngamot piwulang becik ☐ Migunakake tembung- tembung pilihan utawa diksi

8. Supaya bisa mangerteni isine geguritan, mula bocah-bocah kudu diwaca

9. Urutane nulis geguritan kang bener yaiku

(geser kotak sisih tengen neng sisih kiwa)

No	Urutan nulis geguritan
1	
2	
3	
4	

Nemtokake irah-irahan

Nemokake gagasan baku

Nemtokake tema

Ngronce tembung supaya endah

10. Pasangno pranyatan sisih kiwa lan tengen nganggo garis

Kang digatekake nalika maca geguritan	
Intonasi	a
Irama	b
Jeda	c
Mimik lan pantomimik	d

Tegese	
1	Wiramaning ukara
2	Andheganing tetembungan lan ukara
3	Cendhek dhuwure swara
4	Owah osike pasuryan lan obahe awak
5	Lagune geguritan